

**MITOS TRADHISI NENIKAHAN ANTARANE DESA JATISARI LAN DESA NGULAAN
ING KABUPATEN TUBAN
(Tinting Mitopoik)**

YATIK DWI LESTARI
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan minangka sawijine wujud sastra lisan kang ana ing Desa Jatisari lan Desa Ngulaan, Kecamatan Bancar, Kabupaten Tuban. Mitos kasebut nduweni gegayutan marang lelakone Mbah Kam minangka sesepuh Desa Jatisari lan Mbah Dawa minangka sesepuh Desa Ngulaan. Mbah Kam nganggep Mbah Dawa dadi sedulure sawise Mbah Dawa kuwat nggendhong Mbah Kam nganti Desa Jatisari. Amarga Mbah Kam lan Mbah Dawa seduluran, mula Mbah Kam ora ngidinake anak turune nenikahan karo anak turune Mbah Dawa. Perkara kang narik kawigaten ing panliten iki amarga tradhisi kasebut isih dilestarekake nganti saiki lan anane unsur legenda kang nyengkuyung kedadeyane tradhisi.

Sesambungane karo bab ing dhuwur, nuwuhake anane pitakonan yaiku: (1) kepriye mula bukane mitos wewaler nenikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing Kabupaten Tuban? (2) kepriye kapitayane masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan marang *Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan*? (3) apa wae nilai budaya sajrone *Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan*? (4) apa wae fungsine *Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan*?

Tujuwan saka panliten iki yaiku: (1) njlentrehake mula bukane mitos wewaler nenikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing Kabupaten Tuban, (2) njlentrehake kapitayane masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan marang *Mitos Tradhisi Nenekahan*, (3) njlentrehake nilai budaya sajrone *Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan*, (4) njlentrehake fungsine *Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan*.

Paedahe panliten iki yaiku: (1) panliten iki bisa menehi kawruh menyang pendidikan sastra, lan (2) panliten iki bisa didadekake referensi kanggo panliten sabanjure.

Kanggo nganalisis masalah ing panliten iki digunakake konsep teori lan pamawas. Kanggo nganalisis bab mula bukane mitos wewaler nenikahan nggunakake tintingan mitopoik. Kanggo nganalisis kapitayane masyarakat nggunakake pamawase Tondowidjojo. Bab nilai budaya nggunakake pamawase Lantini. Dene kanggo nganalisis fungsi nggunakake pamawase Bascom lan teori reseptif liyane kang diselarasake karo kanyatan kang ana ing masyarakat.

Panliten ngenani *Mitos Tradhisi Nenekahan antara Desa Jatisari lan Desa Ngulaan* iki kalebu panliten kualitatif kang asipat deskriptif kanthi nggunakake tintingan mitopoik. Sumber data sajrone panliten yaiku informan kang dibedakake dadi informan kunci lan informan biyasa. Dene data panliten awujud rerangkene tembung-tembung lan carita saka asil wawancara.

Adhedhasar asil panliten diandharake mula bukane carita kang ndhasari mitos wewaler nenikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kanthi luwih cetha. Kapitayane masyarakat marang mitos bisa dibedakake antarane masyarakat kang percaya lan ora percaya. Masyarakat kang percaya dijupuk saka asil angket percaya banget, percaya, lan rada percaya. Miturut asil angket masyarakat kang percaya ana 83% dene masyarakat kang ora percaya ana 17%. Wujud nilai budaya kang ana ing sajrone "*Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari dan Desa Ngulaan*" yaiku: (1) nilai didaktik, (2) nilai etik, lan (3) nilai religius. Fungsi kang ana ing sajrone "*Mitos Tradhisi Nenekahan antarane Desa Jatisari dan Desa Ngulaan*" yaiku: (1) minangka sistem proyeksi, (2) piranti kanggo ngesahake aturan lan lembaga kabudayan, (3) piranti kanggo panggulawenthah marang anak, (4) piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya aturan-aturan ing bebrayan tetep bisa diugemi lan ditindakake dening anggota kolektif, (5) sarana ngraketake paseduluran, lan (6) sarana nguri-uri kabudayan.

PURWAKA

Masyarakat Indonesia nduweni maneka warna budaya, agama, lan kapitayan kang beda-beda. Kabudayan Indonesia akeh jinise, salah sawijine yaiku sastra. Sastra utawa kasusastran yaiku ekspresi pamikiran lan pangrasane manungsa, arupa lisan lan tulisan kanthi nggunakake basa kang endah miturut *kontekse* (Hutomo, 1991:1).

Sastra lisan yaiku kasusastran kang ngliputi ekspresi kasusastran sawijine kabudayan kang disebarake lan diwarisake kanthi cara lisan (Hutomo, 1991:1). Saliyane iku sastra lisan minangka sastra tradhisional kang wis ana sadurunge masyarakat mangerteni tradhisi tulis tinulis. Saben sastra lisan kang arupa carita ora bisa kapisahake karo nilai-nilai kang kinandhut. Nilai-nilai kasebut nggambarake uripe manungsa ing papan panggonan kang ndadekake sastra lisan bisa urip lan ngrembaka.

Salah sawijine sastra lisan kang ngrembaka yaiku carita prosa rakyat kang arupa mitos. Mitos minangka tuladha kanggo tumindak, banjur nduweni piguna menahi makna lan nilai kanggo panguripan. Kanthi tetembungan liya mitos minangka kanyatan. Mitos ora mung mangerteni carita ing jaman biyen, nanging kang luwih utama yaiku kanggo mangerteni kahanan jaman saiki (Ratna, 2011:111). Andharane Ratna kasebut menahi teges yen mitos ngandharake panguripane manungsa. Ing sisi liya panguripane manungsa wis kebak mitos, saengga kanyatane uga ngandhut mitos.

Bebener kang kudune diandharake nganggo panliten cundhuk, saengga ditemokake panguripan lan digambarake karo mitos kang wis ana. Prekara iki bisa dideleng saka panliten sastra lisan arupa mitos cerita kang ndhasari anane wewaler pernikahan. Ing mitos iki ana gegambaran panguripane pendhudhuk ing Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kang isih percaya marang kanyatan utawa amung mitos wae.

Prekara kang narik kawigaten saka mitos kasebut yaiku anane kapitayan wewaler pernikahan kang isih dilestarekake dening masyarakat panyengkuyunge nganti saiki lan anane unsur legendha kang nyengkuyung kedadeyane tradhisi. Masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nduweni kapitayan yen antarane rong desa kasebut ora pikantuk nindakake pernikahan saka leluhur desa yaiku Mbah Kam lan Mbah Dawa amarga isih sedulur. Manut kapitayane masyarakat yen wewaler iku dilanggar bakal kedadeyan prekara kang ora dipengenake, kayata lara-laranen lan kapundhut. Prekara kasebut sejatine bisa dicegah kanthi *syarat* kudu nyekar ing pesareyane Mbah Kam lan Mbah Dawa sarta manggon ing Desa Jatisari. Tegese pawongan saka Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kang nindakake pernikahan ora pikantuk manggon ing Desa Ngulaan, nanging kudu manggon ing Desa Jatisari.

Saliyane iku, panliten iki durung nate diteliti. Kamangka masyarakat isih ngugemi lan ngormati pigunane sastra lisan minangka idhentitas dhaerahe kang bakal dicaritakake marang anak putune. Mula minangka enom-enoman, panliti kepengin nguri-uri sastra lisan ing dhaerah Tuban supaya ora muspra kagerus jaman. Panliti uga nduweni kekarepan bisa nuwuhake semangat para

mudha liyane kanggo niliti sastra-sastra lisan kang ana ing Kabupaten Tuban. Mula saka iku panliti kepengin niliti bab mitos kasebut.

Gegayutan karo andharan ing dhuwur underane panliten iki yaiku: (1) kepriye mula bukane mitos wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing Kabupaten Tuban? (2) kepriye kapitayane masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan marang Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan? (3) apa wae nilai budaya sajrone Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan? (4) apa wae fungsine Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan?

Adhedhasar underane panliten kasebut kadudut ancasa panliten yaiku: (1) njlentrehake mula bukane mitos wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing Kabupaten Tuban, (2) njlentrehake kapitayane masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan marang Mitos Tradhisi Pernikahan, (3) njlentrehake nilai budaya sajrone Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan, (4) njlentrehake fungsine Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan.

Panliten iki diajab bisa menahi paedah, dene paedah yaiku: (1) panliten iki bisa menahi kawruh menyang pendidikan sastra, lan (2) panliten iki bisa didadekake referensi kanggo panliten sabanjure.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Sastra Lisan

Hutomo (1991:1-3) ngandharake sastra lisan yaiku sastra ngenani kabudayan kang disebarake turun tumurun kanthi cara lisan, kang arupa perangane folklor. Ciri-ciri saka sastra lisan yaiku, (1) panyebarane saka omongan wong siji menyang wong sijine, (2) sastra lisan lair saka masyarakat desa, masyarakat kutha, lan masyarakat kang durung mangerteni huruf, (3) menahi gegambaran ngenani ciri-cirine budaya masyarakat, (4) ora diweruhi sapa pangriptane, mula saka iku sastra lisan dadi duweke masyarakat, (5) corake puitis, teratur, lan ora dibolan-baleni, (6) ora peduli ngenani kanyatan, (7) nggawe versi kang akeh, lan (8) nggunakake basa lisan saben dina (dialek). Dene Endraswara (2008:151) ngandharake yen sastra lisan yaiku asil karya kang disebarake saka omongan wong siji menyang omongan wong sijine kanthi turun-tumurun. Ciri-ciri sastra lisan yaiku, (1) lair saka masyarakat kang tanpa dosa, durung ngerti huruf, lan asipat tradhisional, (2) menahi gegambaran ngenani ciri-ciri kelompok tartamtu lan durung dingerteni sapa pangriptane, (3) caritane ngenani khayalan, nyindir, guyonan, lan pitutur luhur, lan (4) asring menahi gegambaran tradhisi tartamtu.

Sastra lisan iku bisa diperang dadi loro miturut masyarakat kang bisa nyaritakake, yaiku: (1) sastra lisan kang nduwe nilai sastra (ing njerone kinandhut nilai estetik lan kaendahan), lan (2) sastra lisan kang ora nduweni nilai sastra. Jinis-jinis sastra lisan kasebut ora padha. Bedane yaiku jinis kang kapisan umum dicaritakake dening pawongan kang wis *professional*, kayata: dhalang wayang, dhalang kentrung, panglipur

jiwa (melayu), lsp. Dene, jinis kang kapindho dicaritakake dening masyarakat biyasa utawa masyarakat kang bisa nyaritakake babagan carita sejarah (Hutomo, 1991:4).

Sastra lisan nduweni gayutan karo folklor lisan lan jinis kang maneka werna akehe. Danandjaja (1984:21), perangan sastra lisan kang nduweni gegayutan karo folklor lisan yaiku: (1) basa rakyat (*folk speech*) kayata: logat, jejuluk, lan keturunan, (2) panyaru tradhisional kayata: bebasan, (3) cangkriman kayata: teka-teki, (4) guritan kayata: kidung pitutur, parikan, syair, (5) carita prosa rakyat kayata: mite, legenda, dongeng, (6) tetembangan. Dene miturut Hutomo (1991:8), sastra lisan iku nduweni gayutan karo folklor lan tradhisi lisan. Gayutane folklor lan sastra lisan bisa ngenani: (1) guneman tradhisional (paribasan, bebasan, wasita), (2) tetembangan rakyat, (3) basa rakyat (dialek, jejuluk, wadanan, basa wadi, lsp), (4) cangkriman, (5) carita rakyat (dongeng, dongeng suci utawa mite, legenda, sage, carita lugu, carita ala, lsp).

Sastra lisan kang nduweni gayutan karo folklor lisan nduweni perangan kang akeh banget, kayata: basa, cangkriman, parikan, bebasan, tetembangan, geguritan, lan carita rakyat liyane. Saka perangan kasebut isih bisa diperang maneh miturut klompok. Perangan-perangan ing ndhuwur iku mung duweke masyarakat. Dadi masyarakat kang nglestarekake supaya sastra lisan kasebut ora ilang.

Konsep Mitos

Mitos (Mite) asale saka basa Yunani, *mythos*, tegese carita, yaiku carita ngenani dewa-dewa lan pahlawan-pahlawan kang dipuja-puja. Hutomo (1991:63), ngandharake mitos yaiku carita-carita suci kang nyengkuyung sistem kapitayan utawa agama.

Miturut Nurgiyantoro (2005:173) mitos yaiku sawijine carita kang kerep digayutake karo dewa-dewa utawa kekuwatan-kekuwatan *supranatural* kang ngluwihi kekuwatane manungsa. Mitos ngandharake gayutane manungsa lan dewa-dewa, antarane dewa lan dewa, lan bab iku minangka carane manungsa narima lan njlentrehake yen dheweke ana ing perjuwangan tarik-tarik antarane kekuwatan apik lan ala.

Dene miturut Danandjaja (1984:50) mitos yaiku carita prosa rakyat kang kaanggep bener-bener kedadeyan sarta kaanggep suci dening kang nduwe carita. Mite diparagani dening para dewa utawa manungsa setengah dewa. Kedadeyane dumadi ing donya liyane utawa ing donya kang ora dikenali manungsa, lan dumadi ing jaman biyen.

Akeh tokoh kang ngandharake ngenani pangertene mitos. Saka andharan-sandharan iku panliti ndudut yen mitos yaiku carita rakyat kang ana gayutane karo manungsa klawan dewa kang kaanggep bener-bener kedadeyan sarta kaanggep suci dening masyarakat panyengkuyunge.

Konsep Mitopoik

Sacara etimologis *mythopoic* asale saka tembung *myth*. Mitopoik yaiku teori kang ngrembug babagan analisis mitos utawa carita-carita kang nyebabake anane mitos. Pangertene mitos sacara tradhisional sajajar karo fabel lan legendha. Karya sastra ora kalebu mitos,

nanging wujud *estetis* karya sastra yaiku anane mitos iku dhewe. Mitos yaiku carita *anonim* saka kabudayaan *primitif*. Wiwitane mitos mung ditegesi minangka pamikiran sedherhana lan *primitif* kanggo ngripta sawijine carita, nanging pangerten modern mitos yaiku struktur carita iku dhewe. Nalika ngripta karya seni, pangripta nggunakake pamikiran sawijine pawongan kang ora sadhar lan ditampa ing panguripan saiki (*ontogenesis*) lan pamikiran klompok kang ditampa saka sesepuhe (*filogenesis*). Kanthi mangkono, pangripta ngripta karya sastra adhedhasar mitos tartamtu lan ndadekake mitos kasebut minangka struktur (Ratna, 2008:66-67).

Ing antarane tingingan kang ana, tingingan mitopoik dianggep minangka sawijine tingingan kang paling jangkep amarga ngandhut sekabeyane unsur kabudayaan, kayata sejarah, sosiologi, antropologi, psikologi, agama, filsafat, lan kesenian. Tingingan *multidisiplin* kasebut menahi kekarapan tartamtu marang tingingan mitopoik, saengga tingingan kasebut ora mung gabungan saka maneka werna tingingan kang ora nduweni tujuan amarga nglebokake data kang akeh. Mula saka iku, diperlokake teori lan metode kanggo ngolah data kang ana, saengga bisa antuk makna kang sipate tunggal (Ratna, 2008:67-68).

Konsep Kapitayan

Bangsa Indonesia asli sadurunge ana pangaribawa saka agama-agama liya wis nduweni kapitayan. Kapitayan iku bakal nemtokake tumindake masyarakat. Agama asli bangsa Indonesia yaiku agama-agama tradhisional kang wis ana sadurunge agama Islam, Kristen Katolik, Kristen Protestan, Hindu, Budha, lan Konghucu mlebu ing Indonesia. Agama asline bangsa Indonesia kasebut diarani ajaran Animisme lan Dinamisme.

Kapitayane masyarakat ing Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kalebu kapitayan Animisme, yaiku kapitayan marang anane pangaribawa arwahe Mbah Kam lan Mbah Dawa tumrap wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan. Masyarakat Desa Jatisari yen pernikahan karo Desa Ngulaan, mula bakal nuwuhake kedadeyan kang ora dikarepake. Yen masyarakat saka rong desa kasebut kepengin pernikahan lan ora ana alangan apa-apa, mula kudu nyuwun idin pangestu ing makame Mbah Kam lan Mbah Dawa.

Konsep Nilai Budaya

Wujud nilai budaya dadi sawijine bab kang abstrak sajrone adat-istiadat. Kabeh bab iku amarga nilai budaya wis dadi konsep kang dianggep nduweni nilai kang wigati sajrone masyarakat. Senajan nilai budaya mau wis didadekake cekelan sajrone masyarakat, nanging nilai budaya iku mau uga nduweni sipat kang umum. Mula, angel dingerteni kanthi *rasional* (Kontjaraningrat, 1984:153).

Sistem nilai budaya mujudake *abstraksi* adat-istiadat. Saliyane iku, wujud nilai budaya uga bisa ndadekake cekelan kanggo nindakake panguripan. Mula, wujud nilai budaya sajrone masyarakat sejatine kanggo nganalisis kabudayaan supaya luwih rowa maneh (Koentjaraningrat sajrone Sulaeman, 1984:28).

Nilai budaya kaperang dadi telung werna, yaiku: (1) ajaran ngenani nilai didaktik, (2) nilai etik, lan (3) nilai religius. Nilai didaktik yaiku ajaran ngenani agama, budi pekerti, lan ajaran kanggo nyempurnakake awake. Yen nilai etik yaiku nilai ngenani sesambungan sebab akibate saka sipat-sipat kang apik lan alane manungsa, kayata katresnan, taat, lan jujur. Dene nilai religius yaiku nilai kang ana sesambungane karo kapercayan utawa kayakinane sawijine pawongan marang agama, Tuhan, utawa bab-bab ing njabane kaluwihane manungsa, antarane aspek ibadah, lan aspek mistik (Lantini, 1996:251).

Konsep Fungsi

Sudikan (2001:109) ngandharake fungsi sastra lisan yaiku minangka sarana hiburan kanggo masyarakate lan minangka sarana pendhidhikan. Sastra lisan kudune dirembakakake kanggo njaga kekayaan budayane bangsa. Radcliffe-Brown (sajrone Hutomo, 1991:19) merang fungsi dadi loro yaiku kanggo njaga kautuhan lan *sistematik struktur*. Dene Dundes kang dikutip Sudikan (2001:100) ngandharake kang jarwane ana limang fungsi folklor yaiku (1) kanggo ngraketake rasa solidharitas bebarengan, (2) minangka piranti kanggo mbenerake masyarakat, (3) menehi cara sing dibenerake masyarakat, (4) minangka piranti mrotos keadilane masyarakat, (5) minangka piranti kang nyenengake saka donya kang nyata bisa ngowahi pakaryan sing bisa menehi dadi pangrasa kang nyenengake.

Banjur Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19) ngandharake yen fungsi sastra lisan, yaiku: (1) minangka *sistim proyeksi* yaiku minangka piranti kacabenggalane angen-angen masyarakat kolektif, (2) minangka piranti kanggo ngesahake aturan lan lembaga kabudayan, (3) minangka piranti kanggo panggulawenthah marang anak, lan (4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya aturan-aturan ing bebrayan tetep bisa diugemi lan ditindakake dening anggota kolektif.

Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori digunakake kanggo lelandhesan anggone panliti ngolah data kang wis mlumpuk saka anggone ngumpulake data saka informan lan sumber-sumber liyane. Mitos Tradhisi Nenekah antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan iki dionceki nggunakake teori-teori kang cundhuk karo underane panliten yaiku: babagan mula bukane mitos bakal dionceki nggunakake titingan mitopoik, babagan kapitayane masyarakat nggunakake pamawase Tondowidjojo (1992:24-25), kanggo nitingi nilai budaya mitos nganggo pamawase Lantini (1996:251), dene kanggo ngudal fungsi sajrone mitos nggunakake pamawase Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19).

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten ngenani Mitos Tradhisi Nenekah antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan iki nggunakake jinis panliten *deskriptif kualitatif* yaiku ngandharake yen panliten iku ditindakake amung adhedhasar ing kanyatan utawa kadadeyan kang ana. Moleong (2005:11)

ngandharake yen data kang diklumpukake yaiku arupa tembung-tembung lan ora arupa angka-angka. Dene Sudikan (2001:85) ngandharake metode *deskriptif kualitatif* yaiku metode kang nggunakake cara nyatheh kanthi njlimet lan tliti sakabehane kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca saka asil wawancara, video, rekaman, dokumen, lan sapanunggalane.

Objek lan Papan Panliten

Objek panliten iki yaiku Mitos Tradhisi Nenekah antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing Kabupaten Tuban. Dene papan panliten iki ana ing Desa Jatisari lan Desa Ngulaan Kecamatan Bancar Kabupaten Tuban.

Sumber Data lan Data Panliten

Sumber Data

Sumber data yaiku sumber kang bisa menehi informasi utawa kawruh marang panliti. Sumber data ing panliten iki yaiku para informan. Informan kang dikarepake ing kene kaperang dadi loro, yaiku informan pokok lan informan tambahan.

Data Panliten

Panliten iki nggunakake data kang awujud data lisan. Data lisan arupa data asil wawancara lan rekaman ing antarane panliti lan informan. Bahan utama ngenani Mitos Tradhisi Nenekah antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kang bakal diandharake bisa diperang dadi loro, yaiku data utama lan data tambahan. Data-data kasebut bisa diasilake kanthi wawancara lan dokumentasi. Data kang utama yaiku informasi saka informan kang dianggep mangerteni babagan Mitos Tradhisi Nenekah. Data tambahan kang ana ing sajrone panliten kang arupa dokumentasi yaiku etnografi kang bisa menehi pituduh ngenani Mitos Tradhisi Nenekah antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti-piranti kang digunakake kanggo nggarap asile panliten (Tim, 2008:540). Instrumen-instrumen panliten yaiku piranti kanggo mbiyantu panliti sasuwene golek data (Arikunto, 2006:134). Sejatine ana rong *kategori* instrumen kang digunakake sajrone panliten, yaiku: 1) instrumen digunakake kanggo antuk informasi utawa data ngenani kahanan objek utawa proses kang ditliti, lan 2) instrumen digunakake kanggo ngontrol objek utawa proses kang ditliti. Prinsip pamilihan instrumen panliten yaiku mangerteni tujuan panliten. Kuwalitas instrumen iki bakal nemtokake kuwalitas data kang wis makumpul (Santoso, 2007:63). Instrumen panliten ing kene, yaiku: Panliti

Panliti yaiku pawongan kang ngenekake panliten iki. Panliti minangka dhalang sajrone panliten kang ditindakake, (Moleong, 2005:163). Ciri umum panliti ana pitu, yaiku: (1) *responsif*, (2) bisa *adaptasi*, (3) njaga utuhe informasi, (4) njembarake kawruh, (5) ngolah data sacepete, (6) migunakake kalodhangan kanggo *klarifikasi* lan *mengiktidsarkan*, lan (7) migunakake kalodhangan kanggo nggoleki samubarang kang ora umum (Moleong, 2005:163).

Kuesioner

Arikunto (2006:151) ngandharake kang jarwane, angket saperangan pitakonon tinulis kang digunakake supaya oleh wangsulan saka *informan* utawa *responden*.

Kuesioner adhedhasar cara mangsuli kaperang dadi loro yaiku: (a) *kuesioner* tinarbuka yaiku *responden* mangsuli pitakonan nggunakake ukarane dhewe-dhewe, lan (b) *kuesioner* tinutup yaiku wangsulane wis cumepak ing kono. Ing panliten iki nggunakake *kuesioner* tinutup yaiku *kuesioner* kang wangsulane wis cumepak kanggo mangerteni babagan mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan.

Daftar Pitakonan

Daftar pitakonan dibutuhake nalika arep nindakake wawancara. Ana akeh pamawas kang njlentrehake jinise pitakonan. Nanging ing panliten iki panliti njupuk teorine Patton kang dikutip Moleong (2005:192-194) kang jarwakane jinise pitakonan kang arep ditakonake ana enem. Pitakonan kasebut ana gayutane antarane pitakonan siji lan sijine. Kapisan yaiku pitakonan kang ana gayutane karo pengalaman utawa salah bawa, kapindho yaiku pitakonan kang ana gayutane karo pendapat utawa pambiji, kaping telu yaiku pitakonan kang ana gayutane karo rasa pangrasa, kaping papat yaiku pitakonan kang ana gayutane samubarang kang diweruhi, kaping lima yaiku pitakonan kang ana gayutane karo panca driya, lan kaping enem yaiku pitakonan kang ana gayutane karo *demografi*.

Piranti Panyengkuyung

Panliten iki kalebu panliten lapangan. Akeh bab kanggo nyengkuyung bab kasebut. Sawijine yaiku piranti panyengkuyung panliten. Piranti panyengkuyung panliten digunakake supaya bisa nambah cethane data tumrap panliten. Wujud saka piranti panyengkuyung panliten iki, yaiku: (1) kamera digital kanggo njupuk gambar babagan kahanan kang ana gayutane karo objek panliten, (2) handphone kanggo ngrekam nalika nindakake wawancara, (3) buku cathetan lan pulpen kang digunakake kanggo nyathet bab kang wigati nalika nindakake panliten, lan (4) daftar pitakonan kanggo para informan.

Metode lan Teknik Pangumpulane Data

Metode lan teknik pangumpulane data yaiku metode utawa tata cara kanggo nglumpukake data kang digunakake nalika panliten kayata:

Wawancara

Wawancara minangka cara nglumpukake katrangan utawa informasi ngenani panguripane manungsa sajrone masyarakat (Sudikan, 2001:90). Tatacara nglumpukake katrangan iku ditindakake kanthi menahi pitakonan marang wong kang didadekake *informan* utawa *responden* kanthi langsung.

Miturut Sudikan (2001:90) merang wawancara dadi rong bageyan miturut wujud pitakonane yaiku: (1) wawancara tinutup, yen wangsulane informan diwatesi panliti, lan (2) wawancara tinarbuka, yen wangsulane informan ora diwatesi panliti. Panliten iki nggunakake wawancara tinarbuka supaya informan bisa menahi wangsulan lan jlentrehan tanpa wewatesan mula bisa ngasilake data sakakeh-akehe.

Dokumentasi

Miturut Arikunto (2006:202) dokumentasi yaiku kanggo ngupadi data ngenani bab-bab utawa *variabel* kang arupa cathetan, transkrip, buku, layang pawarta,

majalah, prasasti, notulen rapat, legger, agenda, lan liya-liyane.

Panliten iki mbutuhake data kang antuk saka dokumentasi desa kang arupa data monografi. Data iki perlu kanggo nggoleki kahanan alam lan data pendhudhuk. Dokumen liyane kanggo antuk data-data kang dibutuhake yaiku saka data profil lan arsip-arsip kanthi cara nyathet data kang ana ing kantor desa. Babagan kang kurang dimangerteni ditakokake ing pamong desa. Dokumentasi ora mung digoleki ing kantor desa, nanging uga bisa digoleki saka kantor kecamatan. Kabeh data-data kasebut dicathet kanggo bukti lan supaya ora lali.

Transkripsi

Sudikan (1991:180) menahi informasi nalika nranskripsi teks lisan yaiku: (1) transkripsi kasar, tegese kabeh swara kang direkam, banjur ditulis tanpa nganggo tandha waca. Ing kene panliti kudu jujur, ora bisa nambahi utawa ngurangi asile rekaman, (2) sawise transkripsi kasar banjur dibenerake, asil kang bener dicocogake karo asile rekaman, (3) panliti mbenerake karo asil kang wis disempurnakake, diwenehi tandha waca lan tandha liyane kang diprelokake, (4) ing tahap iki kudu dibolan baleni, (4) asil mau diketik, teks kang wis klebu ing tataran iki biyasane diarani teks lisan banjur teks kasebut digunakake kanggo bahan analisis.

Panliti iki nggunakake teori miturut Sudikan (1991:180) yaiku nranskripsi mawa kasar, banjur dibenerake diwenehi tandha waca lan kang pungkasan diketik.

Tatacara Nganalisis Data

Analisis data yaiku proses ngurutake data ing *pola*, *kategori* lan urutan. Saka iku bisa ditemokake tema lan bisa dirumusake *hipotesis* saka data panliten (Moleong, 2005:248). Tatacara nganalisis data kang wis makumpul nggunakake *metode deskriptif*. Analisis *deskriptif* yaiku analisis kang ngandharake data saka lapangan yaiku asile wawancara. Panliten *kualitatif* mujudake panliten lapangan kang dilakoni wiwit golek data nganti purnane panliten kasebut.

Tatacara nganalisis data lumakune panliten iki, yaiku: 1) data asil saka wawancara dicathet kabeh, 2) data kang wis nglumpuk diperang miturut masalah kang dianalisis kayata mula bukane wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan, kapitayane masyarakat marang mitos wewaler pernikahan, pitutur kang ana ing sajrone mitos wewaler pernikahan lan fungsine kanggo masyarakat, lan 3) menahi dudutan adhedhasar analisis saka sakabehe data kang ana.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Data Etnografi Desa Jatisari lan Desa Ngulaan

Wilayah lan Kahanan Desa Jatisari lan Desa Ngulaan

Desa Jatisari minangka desa kang manggon ing poncot kulon Kabupaten Tuban. Jarak antarane Desa Jatisari karo ibukota kecamatan watara 7 Km, karo ibukota kabupaten watara 45 Km, lan karo ibukota propinsi watara 145 Km. Suhu maksimum 32°C, lan suhu minimum 29°C. Desa Jatisari nduweni luas wilayah 387 Ha kanthi rincian pemukiman 67 Ha, sawah 215 Ha, dalan 9 Ha, lan rawa-rawa 96 Ha.

Sabanjure yaiku kahanan alam Desa Ngulaan. Desa Ngulaan uga minangka desa kang manggon ing poncot kulon kabupaten Tuban. Jarak antarane Desa Ngulaan karo ibukota kecamatan watara 8 Km, karo ibukota Kabupaten watara 46 Km, lan karo ibukota propinsi watara 146 Km. Suhu maksimum 32°C, lan suhu minimum 29°C. Desa Ngulaan nduweni luas wilayah 222 Ha kanthi rincian pemukiman 28 Ha, sawah 115 Ha, dalan 3 Ha, lan rawa-rawa 76 Ha.

Pendhudhuk

Miturut data kependhudhukan, cacahé pendhudhuk Desa Jatisari ana 768 jiwa kanthi rinciyan 370 priya lan 398 wanita. Dene cacahé pendhudhuk Desa Ngulaan ana yaiku 813 jiwa, kanthi rinciyan 399 priya lan 398 wanita.

Pangupajiwa

Pangupajiwane masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan paling akeh dadi petani. Masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kang pangupajiwane dadi petani, sebageyan gedhe nandur pari. Masyarakat ngandhalake banyu udan kanggo mbanyoni sawahe, nanging yen kepeksa bakal nggunakake *diesel*.

Pendhidhikan

Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kalebu desa kang tingkat pendhidhikane endhek. Sanajan ana masyarakat kang gelem nerusake pendhidhikan ing jenjang diploma lan sarjana, nanging isih akeh masyarakat kang nduweni pamikiran tradhisional lan durung mangerteni yen pendhidhikan iku wigati tumrap SDM masyarakat. Babagan iku dumadi amarga Desa Jatisari lan Desa Ngulaan panggone adoh saka kutha Tuban.

Basa

Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nggunakake rong basa, basa kasebut yaiku basa Jawa minangka basa Ibu utawa basa kang utama lan basa Indonesia minangka basa kaping pindho. Basa Jawa kang digunakake pendhudhuk Desa Jatisari lan Desa Ngulaan sajrone cecaturan saben dinane yaiku basa Jawa ngoko lan krama alus. Nalika ceramah-ceramah agama kadhang kala isih nggunakake basa Jawa. Nalika komunikasi resmi utawa formal masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nggunakake basa Indonesia, kayata sajrone kagiyatan sinau ing sekolahan, ing kantor pamrintahan, lan acara resmi wargane.

Agama

Masyarakat Desa Jatisari akeh-akehe ngugemi agama Islam, nanging ana uga kang ngugemi agama Kristen Katolik. Dene masyarakat Desa Ngulaan kabeh ngrengkuh agama Islam.

Pendhudhuk Desa Jatisari lan Desa Ngulaan akeh-akehe ngugemi agama Islam abangan, utamane ing sisih kiwa tengene pesareyan Mbah Kam lan Mbah Dawa. Isih akeh wong kang nglakoni slametan kaya dene kenduren, slametan wiwid, lan nyadran. Kaya dene slametan kanggo wong mati, upamane geblak, telung dinane, pitung dinane, patang puluh dinane, satus dinane, lan sewu dinane isih dilaksanakake kanthi runtut.

Gegayutane kahanan desa karo Mitos Tradhisi

Gegayutan Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap kapitayane masyarakat kang wis turun tumurun. Kapitayan iku bisa ndadekake masyarakat njaga kahanan alam sakupenge.

Tumindake masyarakat saben dinane bisa uga kapribawan marang carita mitos wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan. Njaga kahanan alam minangka sawijine wujud kanggo nguri-uri tradhisi pernikahan, amarga papan iku dadi sawijine cikal bakal anane carita mitos. Mula saka iku, gegambarane desa bisa digunakake kanggo nintingi sawenehe bab kang gegayutan karo Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan yaiku ngenani pendhudhuk, pangupajiwa, pendhidhikan lan agama.

Mula Bukane Mitos Wewaler Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan

Mula bukane mitos wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan diwiwiti nalika Mbah Kam nantang Mbah Dawa supaya nggendhong panjenengane nganti tekan Desa Jatisari. Mbah Dawa nyanggupi tantangane Mbah Kam, nanging panjenengane njaluk upah. Mbah Kam nyarujuki kekarapene Mbah Dawa kanthi menehi sawah. Sawah kasebut bakal digunakake kanggo pluruwan yaiku papan kanggo mbuwang regedan. Katrangan kasebut dikuwatake karo cuplikan ing ngisor iki.

“Mbah Kam ngendikan bakal maringi sawah kangge Mbah Dawa. Lha sawah niku didamel mbujal regedan utawi pluruwan. Ora dinyana Mbah Dawa kiyat nggendhong Mbah Kam ngantos Desa Jatisari. Kamangka sacara fisik, Mbah Dawa langkung ageng tinimbang Mbah Kam. Mbah Kam ngantos ketileman nalika digendhong Mbah Dawa” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Andharan ing dhuwur nuduhake yen Mbah Dawa nggendhong Mbah Kam nganti tekan Desa Jatisari. Mbah Kam bisa keturon nalika digendhong Mbah Dawa. Kamangka miturut panemune Mbah Kam, Mbah Dawa ora bakal bisa nggendhong panjenengane, amarga pawakane Mbah Dawa luwih cilik tinimbang Mbah Kam. Nanging kanyatane Mbah Dawa kuwat nggendhong Mbah Kam nganti tekan Desa Jatisari.

Mbah Dawa banjur nagih janjine Mbah Kam. Mbah Kam ora gelem mblenjani janji, apa maneh karo kanca rakete dhewe. Mula, Mbah Kam banjur maringake sawah kang wis dijanjekake. Mung wae amarga Mbah Dawa mudhunake Mbah Kam neng sawah kang amba banget, mula Mbah Kam njaluk yen sawah kasebut dibagi loro. Separo kanggo anak turune Mbah Kam dhewe lan separone maneh kanggo anak turune Mbah Dawa. Katrangan kasebut dikuwatake karo cuplikan ing ngisor iki.

“Sasampune Mbah Dawa mudhunake Mbah Kam, Mbah Dawa banjur nagih janji. Mbah Kam nepati janjine kala wau. Nanging, Mbah Kam niku didhonake ing saben kang amba sanget lan sampun dipundamel pluruwan dening masyarakat Jatisari. Dados Mbah Kam nyuwun saben niku dibagi dados kalih. Kang sepalih kangge masyarakat Desa Jatisari lan sepalih malih kangge masyarakat Desa Ngulaan”. (Bapak Jaya Leles, wawancara 3 maret 2013).

Andharan ing dhuwur nuduhake yen sawah kang bakal diwenehake marang Mbah Dawa kudu dibagi loro. Mbah Kam menehake sawahe separo kanggo Mbah Dawa kanthi ikhlas. Sawise kedadeyan gendhong-gendhongan lan pembageyan sawah, Mbah Kam nganggep Mbah Dawa minangka sedulure lan ora ngeparengake anak turune nindakake pernikahan. Mbah Kam lan Mbah Dawa uga nyuwun mbesuk yen wis padha kapundhut, kuburane dicampurake. Katrangan iku dikuwatake karo cuplikan ing ngisor iki.

“Mbah Dawa sampun sarujuk menawi sabine Mbah Kam dibagi kalih lan diparingi wates. Lajeng sasampune gendhong-gendhongan lan pembageyan sabin, Mbah Kam nganggep Mbah Dawa dados sedereke piyambak. Dados anak putune Mbah Kam mboten diparengake pernikahan kalih anak putune Mbah Dawa. Panjenengane nggih nyuwun kuburane dicampur menawi sampun kapundhut”. (Bapak Jaya Leles, wawancara 3 Maret 2013).

Saka cuplikan ing dhuwur iku ana katrangan yen pasareyane Mbah Kam lan Mbah Dawa iku dicampur. Mbah Kam minangka sesepuh desa, minangka panutan, lan minangka kyai ing Desa Jatisari. Semono uga Mbah Dawa minangka sesepu desa lan minangka panutan ing Desa Ngulaan. Pasareyane Mbah Kam lan Mbah Dawa manggon ing tengah-tengah Desa Jatisari lan Desa Ngulaan. Saiki pasareyan kasebut luwih terkenal dadi pasareyan Mbah Kamdawa.

Kapitayane Masyarakat Bab Tradhisi Pernikahan

Sajrone analisis ngenani panliten iki, ana rong kapitayan tumrap masyarakate, yaiku masyarakat kang percaya lan masyarakat kang ora percaya. Masyarakat kang percaya marang mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan dijupuk saka asil angket percaya banget, percaya, lan rada percaya kang digayutake dadi siji.

Saka angket kang wis disebar ing masyarakat, nuduhake yen saperangan gedhe masyarakat paham lan percaya ngenani mitos kasebut. Masyarakat uga isih nyengkuyung idhentitas dhaerah kang isih ana. Saka 40 angket kang wis disebar ing masyarakat Jatisari lan Ngulaan, ana 83 persen kang percaya ateges saperangan gedhe masyarakat mangerteni isi lan nilai kang kinandhut sajrone mitos kasebut.

Miturut masyarakat kang percaya, masyarakat kang nindakake pernikahan bakal nampa walat, kayata:

Walat Mitos Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan Wujud Tilar Donya

Pengalaman nerak mitos wewaler pernikahan satemene ora nate ditemokake, jalaran masyarakat pancen percaya yen warga masyarakat ora kena nindakake pernikahan. Nanging tumindak nerak mitos wewaler pernikahan nate ana. Gegayutan karo tumindak kasebut, ana kedadeyan kang nyalawadi nalikane ana pawongan saka Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kang nindakake pernikahan.

Sepisan, yaiku kedadeyan watara taun suwidakan, yaiku pernikahan antarane Semi lan Sakib. Kaping pindho watara taun suwidak limawan, pernikahan antarane Salim

lan Darsi. Banjur kang pungkasan yaiku watara taun wolung puluh limawan kang dialami dening Sarji lan Jarmi. Temanten kasebut padha-padha nampa walat arupa tilar donya. Kaya andharan ing ngisor iki:

“Pasangan Sakib lan Semi, Salim lan Darsi, kalih Sarji lan Jarmi niku nggih kena walat. Amarga sampun wani nglanggar larangan nikahe tiyang Jatisari lan Ngulaan. Lha kenyataane Sakib, Salim, kalih Jarmi kapundhut sawise lara pirang-pirang taun mboten mari. Lha niku telu-telune saking Desa Ngulaan”. (Bapak Jaya Leles, wawancara 3 Maret 2013).

Andharan informan ing ndhuwur ngandharake yen kanyatan kang dialami sebageyan masyarakat bisa menehi kawruh ngenani kalungguhane mitos wewaler pernikahan ing Desa Jatisari lan Desa Ngulaan. Saliyane iku uga saya nguwatake kapitayane masyarakat marang mitos kasebut.

Walat kang Kena Kulawarga, Tangga Teparo utawa Masyarakat Sakiwa Tengene Temanten

Walat nerak wewaler pernikahan antarane Ramat lan Tuminah ora dialami dening kekarone, nanging dialami dening masyarakat sakiwa tengene. Nalika adicara pernikahan ana tangga teparone kang gejeran. Perkarane yaiku nalika nikahane Ramat lan Tuminah dienkake tanggapan tayub. Beksan tayub ndadekake wong-wong ora sadhar amarga ngombe ombenan kang mabukake. Wong-wong mau banjur gejeran, salah sijine ana kang tilar donya. Kaya andharane informan Mbah Darkun ing cuplikan ngisor iki:

“Ramat lan Tuminah niku klebu untung mergi mboten ngalami walat saking tumindakipun. Pas rabi wonten tayub, lha niku wonten ingkang mbeksa, mabuk, terus gelut. Pas gelut niku wonten kang tilar donya. Gejeranipun mantun mergi enten sing tilar donya niku.” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Kedadeyan ing dhuwur nuduhake yen walat nerak mitos pernikahan ora mung kedadeyan marang temantene wae, nanging uga bisa kedadeyan marang tangga teparone. Pancen yen dideleng sebabe perkara mau kedadeyan nalika kahanane ora sadhar utawa mabuk, mula bisa wae ndadekake gejeran kang kaya mangkono. Nanging miturut informan kabeh mau ana gayutane karo tumindak nerak mitos wewaler pernikahan.

Walat Mitos Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan Ora nganti Tilar Donya

Pengalaman nerak mitos wewaler pernikahan kang dialami dening wong kang nindakake pernikahan nanging ora nganti tilar donya, dialami sajrone nikahane Sumanto lan Sripah taun 2002. Kaya andharan ing ngisor iki:

“Sepisan sirahe Sumanto ketiban usuk nalika badhe mbenakake gendheng griyanipun. Satemene kayu kang ngebruki dheweke mboten patos nemen nanging darahipun katah sanget. Kaping kalihipun, mboten let dangu sasampunipun pernikahan

wong sepuhipun Sripah kapundhut. Perkara niku ndadosaken sungkawanipun kulawarganipun manten. Lha nalika niku wonten jawah deres sanget lan anginipun banter” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Kabeh kedadeyan mau pancen ora kena dinalar yen digayutake klawan tumindak nerak mitos wewaler pernikahan. Mung wae kahanan mau dipercaya dening kulawargane temanten lan masyarakat ana sambung rapete karo tumindak nerak wewaler pernikahan.

Pengalaman nerak mitos wewaler pernikahan sabanjure dialami dening Suwanto lan Murti. Kedadeyane watara taun 2009. Miturut Pak Jaya Leles minangka waline Murti saka Desa Ngulaan. Sawise ijab qobul, dumadakan Suwanto klebon utawa kesurupan. Saka kedadeyan iku uga masyarakat banjur nganggep yen kahanan mau ana gayutane karo tumindak nerak mitos wewaler pernikahan. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Suwanto niku dumadakan klebon ngantos dangu sanget. Wiwitane kula kinten nggih mboten wonten hubungane kalih nerak wewaler pernikahan niku, ning tiyang-tiyang banjur ngendikan terose walat amargi piyambake rabi kalih tiyang Ngulaan mriki. Lha sasampune klebon niku nggih piyambake wangsul kados asale”. (Bapak Jaya Leles, wawancara 3 Maret 2013).

Andharan kasebut nuduhake yen walat kang ditampa dening masyarakat kang nerak mitos wewaler pernikahan bisa kena temanten nanging ora nganti tilar donya. Anane kedadeyan kang nyalawadi kaya kang wis diandharake dening para informan kasebut supaya bisa digawe kaca benggala tumrap masyarakat liyane kang bakal nindakake pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan.

Masyarakat kang ora percaya marang mitos adhedhasar data angket kang wis disebar ing Desa Jatisari lan Desa Ngulaan, ana 17 persen kang ora percaya marang mitos kasebut. Masyarakat kang ora percaya umume nduweni tingkat *religiusitas* kang dhuwur. Mitos tradhisi pernikahan isih ana unsur ghoib, mula saperangan masyarakat nganggep yen percaya bakal nuwuhake *syirik* miturut agama Islam. Kaya andharane Pak Ahmad Riyanto ing cuplikan iki:

“Wonten masyarakat kang mboten percaya kalih carita Mbah Kam lan Mbah Dawa kang banjur nuwuhake larangan pernikahan antarane desa Jatisari lan Ngulaan niku amargi kalebet mitos, menawi percaya mangke saged nuwuhake *syirik*. *Syirik* niku lak dilarang wonten teng agami kita, Islam.” (Bapak Ahmad Riyanto, wawancara 3 Maret 2013).

Andharane Pak Riyanto ing dhuwur nuduhake yen tingkat *religiusitas* nduweni pangaribawa marang sawijine kapercayan kang ana ing masyarakat. Saliyane iku saperangan masyarakat wis ora percaya karo mitos kasebut amarga ana masyarakat kang wis nduweni pamikiran kang maju, amarga tingkat pendhidhikane wis dhuwur. Masyarakat kasebut wis ora percaya karo

samubarang kang nduweni sipat gugon tuhon nanging luwih percaya karo samubarang kang bisa dinalar.

Nilai Budaya Mitos Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan

Nilai Didaktik

Nilai didaktik yaiku ajaran ngenani agama, budi pekerti, lan ajaran kanggo nyempurnakake awake. Ajaran-ajaran kang ana ing Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan yaiku ajaran ngenani agama lan nilai kasampurnan.

Ajaran Ngenani Agama

Carita Mbah Kam lan Mbah Dawa uga ngandhut anane nilai agama. Nilai agama kang dimaksud yaiku manungsa kang percaya marang Gusti Allah kang murbeng dumadi. Kaya cuplikan carita ing ngisor iki:

“Lha nalika ditantang kalih sahabate nggih Mbah Kam niku, wangsulane Mbah Dawa kados makaten “Insyallah aku bisa. Lha yen aku bisa, imbalane apa?” wangsulane niku kanthi kebak keyakinan marang Pangerane, niku lak sae sanget mbak”. (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Saka andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Mbah Dawa mangsuli tantangane Mbah Kam kanthi kebak keyakinan marang keagengane Gusti Allah. Senajan pawakane Mbah Kam luwih gedhe nanging Mbah Dawa percaya yen panjenengane bisa nggendhong Mbah Kam kanthi idin saka Gusti Allah.

Nilai Kasampurnan

Kasampurnan minangka bab dianggep apik, ora ana cacate, lan ora ana kekurangane. Kasampurnane Mbah Kam sajrone carita digambarake kaya cuplikan iki:

“Sosok Mbah Dawa menika sedang-sedang kemawon, priantunipun sedengan, kegemaripun inggih menika menolong sesama, tulung dateng sesami, sedangkang kesabaran beliau dalam mengarungi kesah wonten alam donya menika sangat tinggi. Ngantos-ngantos wonten tiyang ingkang mertani sakumpamanipun titele propesor, doktor, sarjana, ulama, kyai, dipundadosake setunggal dereng saged mbandhingi kesabarane beliau menika. Lha nek Mbah Kam priantunipun gedhe dhuwur, wicaksana lan ora seneng mblenjani janji” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Andharan kasebut bisa dimangerteni yen kasampurnan kang diduweni pawongan bisa dadi piranti kanggo ngraketake paseduluran marang sapatdha-padha. Kanthi tumindak apik lan seneng tetulung marang wong liya, bisa ndadekake manungsa dihormati dening wong liyane.

Nilai Etik

Nilai etik yaiku nilai ngenani sesambungan sebab akibat saka sipat-sipat kang apik lan alane manungsa, kayata kasetyan, taat, lan jujur. Ing Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ana aspek kasetyan lan jujur.

Kasetyan

Tegese kasetyan ing mitos iki yaiku rasa khormat, taat, lan wujud keikhlasan kang ditujokake marang wong

kang disayang, yaiku marang kanca. Bab iku bisa dideleng saka cuplikan carita ing ngisor iki:

“Mbah Dawa banjur nagih janji marang Mbah Kam. Mbah Kam niku klebu pawongan kang wicaksana lan mboten seneng mblenjani janji. Pungkasane Mbah Dawa nyarujuki napa kang dikarepake Mbah Kam” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Kasetyan kang ditindakake dening Mbah Kam marang kancane yaiku nalika Mbah Kam kanthi rasa ikhlas menahi panggonan kanggo pluruwan kaya apa kang wis dipenginake dening Mbah Dawa. Kabeh mau ditindakake Mbah Kam amarga rasa khormat lan patuh marang kancane yaiku Mbah Dawa. Dheweke ora gelem tukaran amung gara-gara prekara sawah. Pungkasane kekarone bisa ngrampungake prekarane kanthi damai lan ikhlas.

Jujur

Jujur yaiku ngandharake sekabehane perkara kanthi apa anane lan ora ngapusi. Sajrone mitos carita Mbah Kam lan Mbah Dawa ana nilai jujure kaya kang diandharake informan ing cuplikan iki:

“Mbah Dawa niku tiyange jujur, mboten purun ngapusi. Buktime nggih sampun wonten nalika panjenengane nggendhong Mbah Dawa. Asline saged mawon nalika Mbah Kam keturon banjur Mbah Dawa ngapusi Mbah Kam kanthi nyuwun tulung kalih tiyang sanes supados nggantosi nggendhong Mbah Kam utawa tumindak licik sanese. Mbah Kam lak mboten pangertos. Mbah Dawa tetep nggendhong sahabate ngantos Jatisari”. (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Saka andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen Mbah Dawa pancen nduweni sikap jujur. Panjenengane ora gelem ngapusi sanajan kancane ora mangerteni kahanan sabenero. Dudutan saka jlentrehan kasebut yaiku supaya masyarakat Desa Jatisari lan Ngulaan ngecakake apa kang ditindakake Mbah Dawa ing kahuripan saiki.

Nilai Religius

Nilai religius yaiku nilai kang ana sesambungane karo kapercayan utawa kayakinan sawijine pawongan marang agama, Tuhan, utawa bab-bab ing njabane kaluwihane manungsa. Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan duweni aspek ngibadah lan aspek kekuwatan gaib.

Ngibadah

Aspek ngibadah, utamane ngibadah adhedhasar agama Islam uga ana sajrone carita Mbah Kam lan Mbah Dawa. Sajrone andharan iki aspek kang dirembug yaiku ngibadah kang tegese mligi utawa khusus, yaiku tumindake manungsa secara langsung sajrone nindakake wewulangan-wewulangan agama. Bab iki prelu diwigatekake amarga ngibadah secara umum bisa arupa tumindak-tumindak secara moral kang bisa diarani apik utawa positif.

Ilmu kang diduweni Mbah Dawa uga ora dipek dhewe, nanging dibage-bagekake marang wong kang kepingin sinau agama luwih jero maneh. Saengga ora

sitik wong kang pengin sinau marang penjenengane. Bab iku digambarake kaya cuplikan iki:

“Mboten nate purun tumindak awon lan mboten nate nesu. Napa malih panjenengane pinter ngaji. Akhire kathah wong kang sinau ngaji teng mriku. Tiyang sing blajar teng mriku wau, mesti celak marang Gusti Allah. Mergi nggih carane mblajari sing sabar niku lan ugi tlaten” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Adhedhasar cuplikan ing dhuwur bisa dimangerteni yen ngibadah iku wigati banget kanggo manungsa urip ing alam donya nganti ing akherat. Pangerten ngenani ajaran Islam ora mung migunani kanggo awake dhewe, nanging uga migunani lan bisa disebarake kanggo wong liya.

Kekuwatan Gaib

Kekuwatan gaib yaiku kedadeyan kang ora bisa ditampa kanthi akal utawa logika. Bab iki kedadeyan nalika dicaritakake Mbah Dawa pranyata bisa nggendhong Mbah Kam nganti Desa Jatisari. Kamangka awake Mbah Kam luwih gedhe tinimbang Mbah Dawa. Kaya data carita iki:

“Kanthi tekat kang gedhe, rasa ikhlas, semangat kang dhuwur lan idin saka Gusti Allah, Mbah Dawa kuwat nggendhong Mbah Kam nganti tekan Jatisari. Mbah Kam nganti keturon teng gendhongane Mbah Dawa. Mbah Kam tangi, panjenengane kaget sanget nalika mangerteni yen sampun dugi teng Jatisari. Panjenengane banjur takon kalih sahabate niku “Flo... aku kok wis teka kene, kok nganti keturon, awakmu kok kuwat Dawa?” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Andharan ing dhuwur bisa dimangerteni yen wis ana bab aspek kekuwatan gaib nalika Mbah Dawa kang pawakane luwih cilik tinimbang Mbah Kam pranyata kuwat nggendhong Mbah Kam nganti panjenengane keturon. Mula saka iku manungsa ora oleh ngremehake kekuwatane manungsa liyane, amarga wong kang dideleng gedhe awake, durung mesthi kuwat, semono uga wong kang dideleng cilik awake durung mesthi ora kuwat utawa lemah.

Fungsi Mitos Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan

Minangka Sistim Proyeksi

Fungsine sastra lisan salah sijine yaiku minangka *sistim proyeksi*. Saben carita mesti ngandhut bab kang didadekake patuladhan kanggo urip saben dina. Sajrone mitos tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan, Mbah Kam lan Mbah Dawa digambarake padha-padha nduweni kekarepan supaya warga masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan bisa urip rukun, ayem tentrem lan tetep njaga paseduluran salawase. Mbah Kam lan Mbah Dawa ora ngidinake warga saka rong desa kasebut nindakake pernikahan. Amarga panjenengane wedi warga saka rong desa kasebut bakal tukaran yen ana perkara sawise pernikahan. Andharane bisa dideleng saka cuplikan ing ngisor iki:

“Sejatose Mbah Kam lan Mbah Dawa mboten ngeparengake wargane Desa Jatisari lan Ngulaan nikahan niku amarga panjenengane kekarone mboten kepingin yen wargane tukaran yen wonten masalah nalika rumah tangga. Panjenengane kekarone niku pengin yen wargane niku saged urip ayem, tentrem lan mboten tukaran salawase. Yen kita mboten tukaran lak nggih saged urip ayem, tentrem. Pikiran nggih ayem” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Adhedhasar carita ing dhuwur bisa didadekake *proyeksi* amarga anane gambaran kanggo masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing mangsa ngarep. Gegambarane yaiku Mbah Kam lan Mbah Dawa minangka sesepuhe rong desa kasebut duweni pepinginan supaya masyarakate bisa urip rukun, ayem tentrem lan tetep njaga paseduluran salawase. Panjenengane uga ora kepingin yen ana warga masyarakate kang tukaran.

Piranti kanggo Ngesahake Aturan lan Lembaga Kabudayan

Mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan dipercaya banget dening masyarakat panyengkuyunge. Saengga omongan kang nate dipocapake dening Mbah Kam bisa dianggep minangka piranti kanggo ngesahake kabudayan. Mbah Kam nganggep Mbah Dawa minangka sedulur lair batin. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Mbah Kam nate ngendika yen anak putune mboten pareng nikahan kalih anak putune Mbah Dawa amargi kekalihe niku sederek. Mbah Kam sampun nganggep Mbah Dawa sedereke nalika panjenengane kuwat gendhong Mbah Kam ngantos Jatisari. Asale nggih sampun kekancan raket, ning bisa dadi dulur sasampune wonten kedadosan gendhong-gendhongan. Niku wiwitane kening napa kok tiyang mriki mboten pareng nikah kalih tiyang Ngulaan” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Cuplikan kasebut nuduhake yen amarga omongane Mbah Kam kang ndadekake Mbah Dawa sedulure, kang miwiti pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ora oleh ditindakake nganti saiki. Aturan kasebut disahake dening masyarakat panyengkuyunge. Masyarakat percaya yen aturan kasebut kudu diugemi. Saka kanyatan kang wis kedadeyan ing masyarakat, ndadekake saperangan gedhe masyarakat isih percaya marang aturan kasebut. Kabiyasane masyarakat iku dadi kuwajiban kang kudu ditindakake, saengga kabudayan kasebut disahake dening masyarakat panyengkuyunge.

Piranti kanggo Panggulawenthah marang Anak

Fungsi panggulawenthah gampang ditemokake ing sastra lisan, amarga akeh-akehe mitos utawa legendha ngandhut ajaran moral kang migunani kanggo pangrembakane anak nalika tumindak. Sajrone mitos iki diwulangake panggulawenthah supaya anak dadi wong kang arif lan wicaksana kang ora seneng mblenjani janji, kaya kang wis ditindakake dening Mbah Kam nalika Mbah Dawa nagih janjine. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Aakhiripun Mbah Dawa kalawau nagih janji. Mbah Kam kalawau termasuk tiyang arif lan bijaksana mboten mungkin mblenjani janji. Akhire beliau maringi jawaban ngeten “Lha bek aku mbok dona kene tok omah kene lha engko sing tak gawe buwakan pluruwan anak putuku apa? Ya aku njaluk ta tanah sing kanggo guwakan pluruwan”. Akhiripun Mbah Dawa menyetujui. Sampek saniki sawah sing damel buwakan pluruwan niku dipun name Sawah Plempoh” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Adhedhasar data ing dhuwur nuduhake nalika Mbah Dawa nagih janjine marang Mbah Kam, panjenengane ora mblenjani janji kang wis dipocapake. Semono uga nalika mbah Dawa njaluk panggonan kanggo buwakan pluruwan, Mbah Kam menehake kanthi ikhlas. Tuladha ing dhuwur menehi piwulangan kanggo anak supaya duweni sikap wicaksana lan ora mblenjani janjine.

Bab liyane kang bisa didadekake minangka sarana panggulawenthah marang anak, saka carita Mbah Kam lan Mbah Dawa yaiku ora gampang nyerah lan percaya marang kemampuwane awake. Masiya Mbah Kam duweni pawakan luwih gedhe tinimbang Mbah Dawa nanging Mbah Dawa bisa nggendhong Mbah Kam. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Aakhiripun kanthi niat ingkang ikhlas lan semangat tinggi atas izin Allah Mbah Dawa saged gendong Mbah Kam kalawau ngantos wonten ing desa Jatisari. padahal secara postur, Mbah Dawa luwih cilik timbang Mbah Kam. Keadaane Mbah Dawa kados ngaten niku mboten ndadosaken panjenengane minder” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Andharan ing dhuwur bisa dijupuk wewulangan yaiku kanggo nggayuh pepenginan kang tujuwane apik kaya kang ana ing carita Mbah Kam lan Mbah Dawa kasebut, kabeh cara kudu ditindakake. Aja nganti ana tetembungan nyerah utawa ngrasa wedi lan minder karo kemampuwane dhewe. Yen kita percaya lan tenanan, mula apa kang kita penginke bisa kasembadan.

Piranti kanggo Meksa lan Ngawasi supaya Aturan-aturan ing Bebrayan Tetep Bisa Digemi lan Ditindakake dening Anggota Kolektif

Sejatine manungsa ora bisa urip dhewe, mula manungsa sinebut makhluk sosial. Manungsa mbutuhake srawung karo wong liya lan njaga paseduluran antarane tangga teparo. Pesareyan Mbah Kamdawa iki bisa dadi alat kanggo ngendalekake tumindak ngiwa ing masyarakat sosial, utamane bisa ngraketake paseduluran nalika adicara kenduren digelar, kaya cuplikan ing ngisor iki:

Saben Rejeb Kemis Paing, nggih ngaten niku teng mriku mbeta ambeng sedaya damel kenduren, dados tiyang Jatisari, Ngulaan, Kayen, Joho, nggih teng mriki. Sing sepuh, enem, ageng, lan alit nggih nglumpuk wonten mriku. Pokoke niku mboten mung tiyang Jatisari lan Ngulaan

mawon, ning saking desa sanese nggih pareng nderek wonten mriku. Lha lek wonten acara niku biyasane nggih bale desa dikirimi (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Cuplikan ing dhuwur ngandharake yen adicara kenduren ing pasareyan Mbah Kamdawa iki bisa ngraketake paseduluran. Kabukti yen kang melu adicara kasebut ora mung bebrayan sakiwa tengene pasareyan. Desa sakiwa tengene uga melu adicara kasebut, saengga bisa kenal tangga teparo kang melu adicara kenduren kasebut.

Anane adicara kenduren iki bisa dadi alat kendali sosial masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan, supaya padha guyub rukun lan ora padudon. Adicara kenduren bisa ngendakake masyarakat saka rasa murka lan srakah. Bisa tetep eling marang Gusti, liwat syukuran kang dianakake ing pasareyan lan mupuk rasa tepa slira marang sapa-padha.

Sarana Ngraketake Paseduluran

Manungsa ora bisa dipisahake klawan manungsa liyane, saengga sinebut makhluk sosial. Amarga ora ana manungsa kang bisa urip ijen, mula manungsa mbutuhake sawung klawan wong liya sarta njaga paseduluran. Nalika sawung karo wong liya, omongan lan tumindak kudu dingati-ati supaya ora nglarani atine liyan. Mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nduweni fungsi kanggo ngraketake paseduluran tumrap masyarakat panyengkuyunge. Andharane kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Tayuban teng kuburane Mbah Kam-Dawa niku kathah kang ningali mbak, mboten mung tiyang Jatisari lan Ngulaan mawon. Dulur-dulur saking tangga desa niku nggih kathah kang ningali teng mriku. Kang saderenge mboten tepang dados tepang nggih saking ningali tayuban niku. Tiyang-tiyang kang mboten nate sawung kalih tangga nggih dados sawung kalih ningali tayuban. Sanajan pas niku mawon saged pethuk ning menawi sanes wedal saged pethuk malih nggih saged nengeri kok mbak. Inggih etung-etung Bu Lurah niki ngawontenaken tayuban mboten sanes nggih supaya tiyang-tiyang saged kenal kalih tiyang desa sanese” (Bu Narti, wawancara 1 Maret 2013).

Cuplikan kasebut nuduhake menawa mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nduweni fungsi minangka sarana kanggo ngraketake paseduluran tumrap masyarakat panyengkuyunge. Ora mung kanggo wong Desa Jatisari lan Desa Ngulaan wae ananging uga tumrap wong desa liya. Tayuban kang dienkake ing makame Mbah Kam lan Mbah Dawa saben taune bisa dadi sarana kanggo ngraketake paseduluran, amarga warga Desa Jatisari lan Desa Ngulaan kang asale ora nate sawung karo tanggane dadi sawung karo tangga teparone uga karo tangga saka desa liyane.

Sarana Nguri-uri Kabudayan

Kabudayan iku dumadi krana manungsa minangka panyengkuyunge. Mula kabudayan perlu diuri-uri supaya

ora ilang kagiles zaman. Mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nduweni piguna tumrap bebrayan minangka sarana nguri-uri kabudayan. Bab iku bisa dideleng saka kutipan ngisor iki:

”saliyane niku sedaya wontene tayuban kang digelar saben taune niku mboten sanes nggih damel nguri-uri kabudayan. Saniki lak sampun jarang wonten tayuban, riyin yen wonten tiyang kang gadhah damel niku kathah-kathahe mesti naggap tayuban, nek saniki sampun jarang mbak. Mula Bu Lurah kang saniki gadhah pamikiran kang sae inggih niku nguri-uri supados tayuban mboten ical lan mangke saged dimangertosi tiyang-tiyang enem-eneman dados diwontenake tayuban saben taun niku” (Mbah Darkun, wawancara 1 Maret 2013).

Saka cuplikan kasebut nuduhake yen mitos tradhisi pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan nduweni fungsi minangka sarana kanggo nguri-uri kabudayan. Saka cuplikan kasebut nuduhake yen mitos kasebut bisa digunakake kanggo nguri-uri budaya tayuban. Amarga anane acara tayuban saben taun bisa ndadekake tayuban luwih dikenal lan ora ilang kagawa zaman kang saya modern. Mula saka iku pagelaran kang dienkake saben taun ndadekake tayub bisa tetep lestari minangka sawijine asil kabudayan.

PANUTUP

Dudutan

Asile panliten mujudake asile bab kang wigati lan cundhuk karo tujuan ngandharake panliten. Asile panliten iki yaiku wujud carita wutuh kang dijupuk saka asile rekonstruksi wawancara marang para informan. Carita kang ndhasari anane mitos wewaler pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan yaiku carita lelakone Mbah Kam lan Mbah Dawa minangka sesepuh desa. Kapitayane masyarakat ngenani Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan iki yen dideleng saka angket kang wis disebar nuduhake yen masyarakat Desa Jatisari lan Desa Ngulaan akeh kang percaya karo anane mitos kasebut. Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan uga ngandhut nilai budaya kang bisa didadekake patuladhan masyarakat panyengkuyunge. Saliyane ngandhut nilai budaya, Mitos Tradhisi Pernikahan iki uga nduweni fungsi kanggo masyarakat panyengkuyunge.

Pamrayoga

Panliti nyaranake kanggo pirang-pirang pihak, ing antarane kanggo masyarakat umum lan kanggo panliti sabanjure. Kanggo masyarakat umum, kanthi anane panliten iki, dikarepake bisa nuwuhake kesadaran masyarakat kanggo nguri-uri kabudayan bangsa, mligine Mitos Tradhisi Pernikahan antarane Desa Jatisari lan Desa Ngulaan ing Kabupaten Tuban. Kanggo panliti sastra lisan sabanjure, panliten iki bisa diterusake nggugah tinggan kang bedha, amarga panliten iki mung njupuk carita kang ndhasari anane wewaler pernikahan, kapitayane masyarakat marang mitos, nilai budaya kang kinandhut sajrone mitos, lan fungsine mitos.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktis*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti.
- , 1991. *Folklor Indonesia*. Pustaka Grafiti: Jakarta.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan (Ideology, Epistemology, dan Aplikasi)*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- , 2010. *Folklor Jawa: Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- Hidayatullah, Arif. 2008. "Mitos Perceraian Gunung Pegat dalam Tradisi Keberagaman Masyarakat Islam Jawa di Desa Karangembang Kecamatan Babat Kabupaten Lamongan (Sebuah Pendekatan Antropologis)". Skripsi tidak diterbitkan. UIN MALANG.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Komisariat HISKI Jawa Timur.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- , 1987. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- , 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- , 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Lantini, Endah Susi dkk. 1996. *Refleksi Nilai-Nilai Budaya Jawa dalam Serat Suryaraja*. Jakarta: CV. Putra Sejati Raya.
- Mandandaru, Retno. 2008. "Mitos Dukuh Ungguhan, Desa Trowulan Kojokerto (Teori Ketimuran Lutzer & de Vries)". Skripsi tidak diterbitkan. JBSI FBS UNESA.
- Maryaeni. 2005. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- , 2005. *Sastra Anak Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Purwadi. 2006. *Kamus Jawa-Indonesia Indonesia Jawa*. Yogyakarta: Bima Media.
- , 2009. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka Yogyakarta.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2008. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- , 2011. *Antropologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Santoso, Gempur. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pustaka Publisher.
- Soekanto, Soerjono. 2003. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Wahana.
- Supratno, Haris. 2010. *Sosiologi Seni Sasak Lakon Dewi Rengganis dalam Konteks Perubahan Masyarakat di Lombok*. Unesa University Press.
- Tim Penyusun Kamus. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Tondowidjojo, John. 1992. *Etnologi dan Pastoral di Indonesia*. Nusa Tenggara Timur: Nusa Indah.
- Utomo, Wahyu Trio. 2002. "Peran Mitos Goa Ngerong dalam Menjaga Kelestarian Lingkungan Hidup di Desa Rengel Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban (Kajian terhadap Lingkungan Hidup dan Nilai Budaya)". Skripsi tidak diterbitkan. JBSI FBS UNESA.